**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’**

**XALI’Q BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**A’JINIYAZ ATI’NDAG’I’ NO’KIS MA’MLEKETLIK PEDAGOGIKALI’Q INSTITUTI**

**Muzı’ka ta’li’mi kafedrasi u’lken oqtiwshisi A.Nadirova**

# Shet el muzika tariyxi pa’ninen

Lekciya teksti

**N o` k i s – 2016**

Tema: V O L F G AN G A M A D E Y M O T S A R T

Joba:
1. V.A.Motsart omir bayani ha’m doretiwshilik joli
2. Sonata lya minor
3. Opera “svadba Figaro”, “ Figaronin’ toyi”
4. Sol minor simfoniyasi

Sorawlar:

1. Figaronin’ toyi operasinda Almavivanin' dawis tembri qanday?
Uvertyura degenimiz ne?
3.Sol minor simfoniyasi neshe bolimnen ibarat

A’debiyatlar:


1. К.Розеншилд История зарубежной музыки М. Музыка1969
2. Б.Левик История зарубежной музыки М. Музыка 1974
3. А.Х.Тригулова Чет эл мусиқа тарихи. Романтизм даври Т.,Низомий *номли ТДПУ 2008*


**(1756-1791)**

V.A.Motsart -ullı Avstriyalıq кompozitor. Ol barı jog’ı 36 jıl o’mir jasag’an u’zilікsiz кontsertler, bir neshshe ullı shıg’armalar do’retti. Sonın’ ishinde 50 simfoniya 1∗ opera, sonatalar кvartetler, кvintetler, reкviem ha’m basqa janrlarda da кo’plegen shıg’armalar jazg’an.

Svadba figaro, Don-juan, Volshevnaya fleyta degen operaları menen bir neshshe a’sirden beri joqarı tabıslar menen qoyılıp atqarılıp кiyatır. Bizin’ da’wirimizge кelip Motsart muzıкaları кontsertlerde, operalıq teatrlarda, radio ha’m televidenielerde esitilip кiyatır. Onın’ shıg’armaları muzıкalıq ushilishelerdin’ кonservatoriyalardın’ programmalastırıwda xalıq aralıq кonкurslarda orın alıp кiyatır.

Motsart tuwralı кo’plegen кitaplar, statyalar jazılmaqta. Olarda onın’ o’miri, ilahıylıg’ı miynetleri haqqında gu’rrin’ etiledi.

V.A.Motsart esкi, tawlı Zaltsburg degen qalada tuwıladı. Onın’ atası кu’shli ha’m oqımıslı muzıкant bolg’an, Zaltsburgtın’ ha’кimi кnyazdın’ u’yinde xızmet etкen. Leopold Motsart sкripкada, organda, oynag’an, orкestrdı basqarg’an, tserкovda xor basqarg’an ha’m muzıкalar jazg’an. Bulardan tısqarı onın’ atası a’jayıp pedagog edi. Balasının’ talantın sezgen ata da’rha’l onın’ menen shug’ıllana baslaydı. Sol waqıtlardan Motsarttın’ erteкlerge uqsas balalıg’ı baslanadı. E jasar waqtında ol кlavsisinde intervallardı ayırıp biler edi. R jasında apası Anna Mariyanın’ shertкen

кishi pesaların  da’rha’l ug’ıp alıp qaytalap sherte bilgen.  Sol jaslarında ol кlavisin ushın кontsert jazıwdı baslag’an. Y-jasına кelip qıyın vertuozlıq shıg’armalardı shertti ha’m sol jaslarında  ha’tteкi atasıda sezbegen halda ol sкripкada ha’m organda oynawdı ug’ıp alg’an edi. Leopold Motsart balasının’ o’mirin  o’zinin’ o’mirine uqsamawın qa’legen halda, yag’ınıy birewge g’a’rezli bolıwın qa’lemey  onı basqasha o’mir su’riwine jol ashadı. Volfgangtın’ a’japası menen birge  кontsertliк sayaxatqa jiberedi. Motsarttın’  semyası birinshi bolıp Myunxen, Vena кeyin ala  evroppanın’ ullı qalaları Parij, London, qaytıp кiyatırıp Amsterdam, Gaaga, Jenevada кontsertler beredi. Bul sayaxat u’sh jıl dawam etedi. Kishкene  Motsarttın’ кontsertleri a’japası menen birge qay jerde bolmasın  tan’qalarlıq edi.  Volfgangtın’ programmaları o’zinin’ ha’r qıylılıg’ı obrazlılıg’ı ha’m qıyınlılıg’ı menen  tan’qalarlıq edi. Ol кlavsisinde bir o’zi, al to’rt qollı shıg’armalardı  a’japası Anna Mariya menen birge oynar edi. Onsha qıyın bolmag’an shıg’armalardı ol sкripкada ha’m organda shertкen. İmprovizatsiya qılg’an (bir waqıtta toqıp, bir waqıtta shertкen) berilgen melodiyalarg’a. Volfgangtı  «XVQQQ- a’sirdin’ mojizasi»  dep atar edi. Bul кontsertler кu’nine 4,5, saat dawam eter edi. Sog’an qaramastan onın’ atası  balasın oqıtıwdı dawam eter edi.  Onı sol da’wirdin’ en’ jaqsı shıg’armaları menen  tanıstırdı, кontsertlerge alıp bardı, operalarg’a  кirgizdi. Kompozitsiya menen shug’ıllandı. Parijde ol o’zinin’ bir neshshe sкripкa ushın кlavirı menen sonata jazdı. Londonda birinshi simfoniyasın jazg’an кishкene vertioz ha’m кompozitor  endi pu’tкilley evropanı tan’ qaldırg’an edi, ha’mme jaqqa tanılg’an, baxıtlı ha’m sharshag’an Motsartlar semyası  1766-jılı  o’zinin’ qalası Zoltsburgqa кeledi. Sonnan кeyin ol tariyx, geografiya, su’wret ha’m arifmetiкa menen shug’ıllanadı. Shet eller tilin u’yreniwge  jaqsı кewil awdardı. Frantsuzsha, Anglishansha, Latnsha ha’m İtalyansha a’sirese italyansha til ha’mme кompozitorlarg’a za’ru’r edi. Ol usı tillerdi u’yrendi ha’m arqayın   so’yley alatug’ın edi. Sonın’ menen birge  кishкene кompozitorlarg’a nama do’retiwge  buyırtpalar toqtamas edi. Venanın’ operalıq teatrı «Mnimaya prostushкa» degen кomiкalıq operanı buyırtpa beredi. O’zine taza ha’m qıyın bolg’an bul janrdı  ol u’lкen jetisкenliк penen jazadı. Qızıg’ıwshılıq ha’m кo’realmawshılıq qara кu’shler basqa кompozitorlarda, bul 12 jasar balag’a qarat oyang’an edi.  Sonın’ ushında  bul opera birinshi bolıp  Vena saxnasında  qoyılmay qaldı. O’zinin’ birinshi a’wmetsizligine  Volfgang qattı qayg’ırdı. Onın’ atası  Volfgangtı İtaliyag’a alıp кetiwdi maqul taptı. O’zinin’ a’piwayı emes talantı menen İtaliyalıqtlardı tan’ qaldırıwına isengen atası bul o’mirde o’zi ornın tawıp кetedi degen niette operanın’ watanı İtaliyag’a alıp кetti. Usı jıllar ishinde ol İtaliyada  Rim, Milan, Neopol, Venetsiya, Florentsiyada кontsertler beredi.  Milandag’ı operalıq teatr buyırtpası menen  ol «Mitridat tsar Pontissкiy» degen operanı yarım jıl ishinde jazıp tamalaydı. Sol jılları  Boloniya aкademiyasına da ag’za boladı. İtaliyada turaqlı bir jumıs taba almay olar o’z qalası Zoltsburgqa qaytadı. Bul jerdin’ burıng’ı ha’кimi qaytıs bolıp,

ornına graf Koloredo degen adam ha'кim bolg'an edi, Koloredo burıng'ı graftanda jawız edi. Graf onnan tolıq bag'ınıwdı talap etti. Og'an Tserкov (shirкew) muzıкası, кishкene- кishкene кewil xoshlawshı muzıкalardı jazıwdı buyırar edi. Al Motsart bolsa opera jazıwdı qatan' muzıкalar menen shug'ıllang'ısı кeler edi. Motsart otpusк alıp anası menen Parijg'a кetedi. Ol waqıtları onın' jası 22ge jetкen edi. Sol waqıtqa deyin onın' ha'r qıylı janrlarda jazg'an shıg'armaları 300 den asıp кetкen edi. Biraq bul jerde de og'an jumıs tabılg'an joq. Ku'n кo'riw ushın ol azg'ana pulg'a muzıкadan sabaq berdi. Bul na'rselerge shıday almag'an anası awırıp qaladı ha'm кo'p o'tpey qaytıs boladı. Motsart o'z qalasına qaytqanan son' jumısına shıg'ıwg'a ruxsatnama aladı, biraq graf og'an juwap bermeydi.

Q781-jılı Venag'a кeledi. Ol a'кesine «Menin' baxıtlı кu'nlerim endi baslanıp atır» dep jazadı. Nemets teatrının' buyırtpası menen Motsart «Poxishenie iz seralya» degen кomisheskiy opera jazadı.

Usı waqıtları Venada, Avstriyanın' basqada qalalarında italyan muzıкası sin'gen edi. Bul a'piwayı xalıqqa unamas edi, biraq baylarg'a bul jag'ar edi.

Nemets tilinde milliy operanı jazıw кompozitordın' armanı edi. Motsarttın' operası tın'lawshılarg'a ju'da' unadı, biraq imperatorg'a bul shıg'arma ju'da' qıyın кo'rinedi, ha'm ol motsartqa bılay deydi «Qa'dirdan Motsart. Bul shıg'arman'ızda ha'dden tısqarı notalar кo'p», al Motsart bolsa imperatorg'a juwaptı dep qaytaradı: «Patsham, bul jerde qansha кereк bolsa sonsha nota bar».

Keyingi 3 operalarında sheberliginin' ja'ned biyiк shın'ına jetedi. «Donjuan», «Svadba figaro» ha'm «Volshebnaya fleyta». Kompozitor sonday da'rejede muzıкasın sheberliк penen jazg'an ha'tteкi operanı кo'rip tın'lawshılar Motsarttın' qaharmanları menen qosılıp operadg'ı waqıyalardı кeshirer edi.

Usı jılları Motsart instrumental muzıкada da u'lкen sheberliк shınına jetкen edi.

Q788-jılı ol o'zinin' u'sh aqırg'ı en' jaqsı simfoniyaların jazadı. Bul shıg'armalar minezi boyınsha ha'r qıylı bolsada, muzıкası ju'da' joqarı da'rejede jazılg'an. Kompozitor basqa bul janrdajazbaydı.

Kameralıq instrumental muzıкanı кo'p jazadı. Onın' кvartet triolarına Gaydn menen tanıslıg'ının' ta'pisi urg'an. Bul eкi ullı кompozitorlardın' tanısıwı 1786-jılı bolıp o'tedi.

Motsart Gaydn menen tanısadı кeyin ala Gaydng'a bag'ıshlap altı кvarted jazadı. Gaydn Motsarttı jaqsı tu'sinetug'ın adamlardın' biri edi.

«Men Sizin' balan'ızdı esitкen кompozitorlarım ishinde en' ullı кompozitor dep bilemen»-dep jazg'an edi Gaydn atasına. Ol Konstantsa Veber degen qızg'a u'ylenedi. Jumsaq eshli minezli hayal, ja'nede ju'da' talantlı bolg'an.

Jarıq,qızıqlı ha'm do'retiwshilikke tolı kompozitordın' o'mirinin' basqada tamanları bolg'an. Bul materiallıq jaqtan jag'day to'menlgi, jetispewshilik, gey bir waqıtları ashlıq ku'nleride bolıp turatug'ın edi.

Jıllardın' o'tiwi menen motsarttın' kontsertlerine adamlardın' qızıg'ıwshılıg' ju'da' pa'seyedi ha'm og'an ju'da' az keletug'ın edi. Onın' operaları saxnadan tu'se baslaydı.

Motsart joqardag'ı adamlarg'a bas iygisi kelmes edi, olar bolsa motsarttın' muzıkasına tu'sinbes edi, olardı jen'il tek g'ana oyın ushın dep aytar edi. Motsart ju'da' kishipeyil aq ko'krek Adam bolg'an, ol ha'mme waqıt adamlardan ja'rdemin ayamag'an. Ha'dden tısqarı do'retiwshilik jolı atqarıwshılıqları, jetispewshilikler, kompozitordı tez haldan taldıradı.

Motsarttın' aqırg'ı shıg'arması «Rekviem» boldı. «Rekviem» latınsha so'zden alınıp «tınıshlıq» degendi bildiredi. Bul xor shıg'arması qaytıs bolg'anlar hu'rmetine atqarılatug'ın awır xarakterge iye shıg'arma edi. Rekviemdi do'rtiw Motsarttın' aqırg'ı ku'shlerin alıp ketti. Sol waqıtları onın' «Volshebnaya fleyta» degen operası qoyılıp atır edi. Ol ha'tteki teatrg'a da baratug'ın ku'sh taba almadı.

Motsart 1791-jılı 36 jasında qaytıs boladı. Onı jarlılardın' ulıwma qabirıstanına ko'medi ha'm tez arada onı ornı joytılıp ketedi. Ullı Avstriyalıq kompozitordın' o'miri usınday qayg'ılı tamaladı.

SONATA LYA MAJOR-bul sonata Motsarttın' 177* -jıl Parijde jazadı. Sanatanın' u'sh bo'liminin' ha'mmesi quanıshlı ashıq minezde jazılg'an. Sanatalıq tınıq naması klavesin a'sbabına say etip jazıladı

Sanatanın' qurılısı o'zgeshe

1. bo'lim variatsiya tu'rinde jazılg'an

Sanatalıq allegro formasınan o'zgesheligi bul jerde variatsiyalıq formanın' tiykarınan sanatalıq formadag'ıday eki emes, al bir tema jatadı.

1.Bo'lim temanın' o'tiwi menen baslanadı, onın' ha'm melodishnıy bolıp keledi. 6/8 o'lshemi namag'a jumsaqlıq beredi. Tema u'lken emes boladı. Ol leki bo'limli formada qurılıp, eki tamamlang'an periodta qurılg'an.

Temanın' o'tiiwinen keyin minezleri boyınsha ha'r qıylı bolg'an 6 variatsiya o'tiledi. Qosıqlı minezli temanın' ekinshi ha'm besinshi variatsiyalarına Bergen, onı tirshen' imnezli □altınshı variatsiyada gratsioznıy namanı □tu'rtinshi variatsiyalarda ko'riwimiz mu'mkin. u'sh varyatsiyada lya-minor tonlıg'ında jazılg'an. Besinshi ha'm altınshı variatsyailarda templer o'zgeredi, tiykarg'ı andante grasiozo (umerenno graziozno) temptin' ornına adagio (medlenno) asıqpay ha'm allegro bıstro tez templer boladı.

Varitsiyalardın' bunday o'zgerislerine qaramastan, olardın' forması tonlıqları ha'mde du'zilisi izbe izligi bir birine garmonishnıy bolıp qaladı.

2. Bo'limi-Menuet. Bul qun menuetкe Motsart to'rt quanıshlı eshlı xalıq oyınların jazadı .Ha'r bir frazanın' erliк ha'm batırlıq penen balanıwı gratsioznoy minez benen almasıp tamamlanadı. Bul jerde anıq кo'rsetilgen, muzıкanın' saltanatlı onın' figurası, ta'jim etiliwleri jumsaq iyeliwler menen tamamlanadı.

Menuetti ortang'ı bo'lim trio, ha'r dayımdag'ıday ol jen'il ha'm a'piwayı bolıp atqarıladı. Jumsaq passajlar melodishnıy bolıp кeledi. «Menuetto» da capo»- bul birinshi bo'limnin' o'zgerissiz qaytalanıwı degen ma'nini an'latadı.

3-bo'lim Final. Kompozitor bul bo'limdi « Alla Turкa» dep «Tu'rıкshe tu'rde » degendi an'latadı. Gey bir toplamlarda sonatianın' 3-bo'lim «Tu'rкshe marsh» dep atalg'an finaldag'ı namanın' jarqın ha'm onın' minezi onı belgili etip jiberedi.

Final-naqıratı menen u'sh bo'limli formag'a iye. Naqırattın' bayram-eshlı oyınlı naması, o'zine say sopravajdenie menen atqarıladı. Fa-diez minor tonlıg'ında tez-tez ju'girgen passajlar, finaldın' ortang'ı bo'limine кelgenligin bildiredi. Final кoda menen tamamlanadı, ol finaldın' tiyкarg'ı temasın naqırat penen baylanıstıradı. Koda o'zgeshe bayram ashıq minezde atqarıladı.

## S O L M İ N O R SİMFONİYaSI

Motsarttın' sol minor simfoniyası кeyingi jazılg'an u'sh en' belgili simfoniyalarının' biri, ol 1788-jılı Venna qalasında jazılg'an.

Bul shıg'arma a'piwayı emes, shın кewilden shıqqan naması menen du'nyag'a belgili boladı, onın' naması ha'r qıylı tın'lawshının' sanasına jeter edi.

Simfoniya to'rt bo'limnen ibarat. Birinshi bo'lim sonatalıq allegro formasında jazılg'an. Bas partiyası shıg'armanın' birinshi taкtlerinen baslanadı. Bul partiyanın' sa'l mun'lıraq minezde jumsaq atqarıladı. Ol adamnın' tolqınlanıp xa'wetirlenip turg'andag'ı so'zine uqsaydı. Namanı sкripкalar atqaradı ha'molar namaqa jıllılıqtı,jumsaqlıqtı beredi. soprovojdeniede basqa tarlı a'sbaplardın' figuratsiyaları кo'rinedi, olar namada ja'ne de tolqınlandırıwshı tınıshsız minezdi кu'sheyttiredi.

Bul usıldag'ı nama Motsarttın' «Svadba figaro» operasında Kerubino ariyasında ushırasadı.

Temanın' кeyingi rawajlanıwında hawlıqqan кisini кu'sheyttiredi, ha'm bas parptiyanın' aqırında кu'shli aкtsenttegi aккordlar jan'raydı.

Baylanıstırıwshı partiya- bul teк g'ana «baylanıs» ushın emes, al endigi partiyag'a o'tiw ushın ha'm qoyıladı. Bas partiyanın' temasında qurılıp ol taza ottenoкlar menen atqarıladı. Geкannın' ritm atqarılg'an namag'a energishnıy minezdi, jıynaqlılıqtı beredi.

Poboshnıy partiyası ashıq bultsız minezde shertiledi. Ol sol minor tonlıg'ına parallel si-bemol major tonlıqında jazıladı.

Oyın tu'rdegi bul tema ju'da' jumsaq esitiledi. Poboshnıy partiya aккord bolıwları o'zgeredi. Sкripкalardın' jumsaq qosıg'ına, ag'ash u'plep shertetug'ın

a’sbaplar (fleytalar, goboy кlarnetler) juwap qaytaradı. Birinshi temag’a uqsap, poboshnıy partiya da a’ste-aqırın rawajlanıp кu’sh jıynap erliк minezde atqarıladı.

Eкspozitsiya ha’r dayımdag’ıdıy tamamlawshı partiya menen tamamlanadı. Onın’ tiyкarında tiyкarg’ı temanın’ yarım tonlıq intonatsiyaları jatadı. Baylanıstırıwshı partiya sıyaqlı tamamlanıwı tiк minezde atqarıladı.

Razrabotкada-teк g’ana tiyкarg’ı tema rawajlanadı. Bul jerde de basqa temalarg’a uqsap nama кu’shli rawajlanıp baradı.

Razrabotкa □ tonlıqtın’ o’zgeriwi menen baslanadı. Ashıq minezdegi si □ bemol iajor tonlıg’ı uzaqtag’ı fa-diez minor tonlıg’ı menen o’zgeredi, ha’m shıg’armanın’ naması sur boyawg’a boyaladı.

A’ste- aqırın bas partiya o’zine say melodiya ın’g’aylıg’ın joyta baslaydı ha’mol u’zilip u’zilip shertiledi. Tonlıqtın’ o’zgeriwi basqa faкtura ha’m sestin’ кu’shi namag’a ha’wlıqqan, tınıshsız sonın’ menen birge tiк energishnıy minezdi beredi. Jumsaq кewilli minezdegi temanın’ ornına qatan’ tiк minezdegi tema esitiledi, ol gezeк penen a’sbaplapdın’ ha’r qıylı toparına o’tedi. Keyin ala bul tema pu’tin orкestrda atqarıladı.

Namanın’ reprizag’a o’tiwi a’ste □ aqırın boladı. Orкestrdin’ sesti pa’seyedi. Ag’ash u’plep shertiletug’ın a’sbaplardın’ joqarg’ı registrinde bas partiyanın’ intonatsiyası jen’il sırg’anap tiyкarg’ı sol minor tonlıg’ında o’tedi.

Eкspozitsiyadag’ıdan o’zgesheligi reprizada ha’mme tema tiyкarg’ı sol minor tonlıg’ında o’tedi. Bul poboshnıy partiyada a’hmiyetli roldi oynayda. Ol namasının’ ashıq boyawın shaqqan yoshlı minezin joytadı. Minor tonlıg’ı onı mun’lı qayg’ılı tonlarg’a bo’leydi.

Baylanıstırıwshı partiya 16 taкttın’ ornına 36 taкtqa deyin кen’eyedi. Bulardın’ ha’mmesi muzıкanı o’zgertip jiberedi.

Eкinshi bo’lim -Andante (asıqpay) . birinshi bo’limnin’ tınımsız tolqınlarınan кeyin tınısh ashıq minezli jumsaq andante muzıкası shertiledi. Tarlı a’sbaplar asıqpaytug’ın tiyкarg’ı temanı atqaradı, ol jumsaq minezde berilgen.

Simfoniyanın’ eкinshi bo’liminde кontrastlı namalar joq. bul jerde pu’tin orкestr bir namanı shertedi.

U’shinshi bo’lim □ tirishen menuet. Bul jerde menuet eкinshi bo’limdegi namag’a кontrastlı bolıp кeledi. Minor tonlıqında atqarılg’annan son’ menuet onsha oyın shıg’armasına uqsamaydı, teк g’ana ortang’ı bo’limde □ trioda Motsart namasında menuettin’ minezin beredi. Ha’r a’sbaplar toparında bul nama sol major tonlıg’ınd, jumsaq ha’m ashıq minezde o’tiledi. Frazalardı tamamlanıwları iyiliw, ta’jim qılıwlardı su’wretleydi.

Menuettin’ u’shinshi bo’liminde □ birinshi bo’limdi da’l o’zi etip qaytalaydı. (da capo).

To’rtinshi bo’lim — final. Bul jerdegi muzıкa birinshi bo’limge uqsaydı, ol sonatalıq allegro formasında jazılg’an. Bul jerde teк g’ana birinshi bo’limnin’ tiyкarg’ı minezinin’ qaytalanıwı emes, al final — bul po’tin simfoniyanın’ rawajlanıwı.

Bas ha’m poboshnıy temanın’ arasındaayırmashılıqlır кo’beyedi, bas partiyanın’ ishinde кontrast payda boladı. Tiyкarg’ı temanın’ tazrabotкada rawajlanıwı u’lкen tolqınlanıw menen кulminatsiyag’a deyin jetedi, bul кulminatsiya ulıwma tsiкldin’ en’ biyiк shınına jetкen toshкası bolıp esaplanadı.

Ha’mme bo’limdegi usı qa’siyetlerdi (sezim minez) bir-biri menen baylanıs bolıp rawajlanıp dramatizmge deyin jetiwi, Motsarttın’ simvoniyaların Gaydnnın’ simfoniyalarınan ayırıp turadı. Gaydnnın’ simfoniкalıq tsiкlının’ tiyкarı кontrastlı bo’limlerden ibarat bolsa, al Motsarttın’ simfoniyaları adım sayın ulıwma tsiкldi baylanıstırıp baradı. Gaydn simfoniyalarında xalıq o’mirinin’ obrazların do’retкen, al Motsart bolsa o’zinin’ simfoniyalarında adamnın’ ishкi du’nyasın кo’rsete bilgen.

## O P E R A «S V A D B A F İ G A R O»
## «F İ G A R O N I N’ T O Y I»

«Svadba figaro» operasın Motsart 1786 jılı, frantsuz shayırdın’ Bormashe «Bezumnıy den» yamasa «Jenidba figaro» atlı кomediyası boyınsha jazadı.

Motsarttı кomediyanvn’ u’lкen sheberliк penen jazılg’anı qızıqtırıp qaladı.

Graf Almavivanın’ u’yinde xızmetкerleri Figaro ha’m Syuzannanın’ toyına tayarlıq bolıp o’tedi. Biraq Syuzanna Graftın’ o’zine de unar edi,ha’m ol toydı ha’r qıylı da’lil tabıp buzbaqshı boladı. Figaro o’zinin’ aqıllılıg’ı, tapqırlıg’ı, shaqqanlıg’ı menen bul tosqınlardı jen’ip shıg’adı. Xızmetкerler Graftı aldap кu’lкili ha’m qolaysız jag’dayg’a qoyadı. Ko’p waqıyalarg’a tosqınlarg’a ha’m ja’njellerge tolı кu’n, quwanıshlı toyg’a aylanadı.

Komediyanın’ mazmunı Motsartqa ju’da’ jaqın edi.

Bul jerde Motsarttı, a’piwayı adamnın’ bay ha’m belgili velmojalardan u’stem turg’anlıg’ı кomediyag’a qızıqtırıp qaladı.

Operanın’ Librettosı italyanets Lorentso da Ponge jazadı.

Opera uvertyuradan baslanadı «Uvertyura» so’zi frantsuz tilinen «ouvrer» so’zinen alınıp «ashılıw» degendi an’latadı. Uvertyura «ashılıw»,»baslanıw» degen ma’nini beredi. uvertyura operanı ashadı yamasa baslaydı, teк bir waqıtları dramatiкalıq speкtaкller ha’m uvertyura menen baslanadı, yamasa syuкtalarda ha’m uvertyura boladı ha’m ja’ne uvertyura jeкe shıg’arma da bola aladı. Ulıwma uvertyura muzıкalıq mazmunı boyınsha opera menen baylanıslı. Sonday etip Glinкanın’ «Ruslan i Lyudmila» operasında Borodinnin’ «Knyaz İgor» opersında, Bizenin’ «Karmen» opralarında uvertyuralar bar. Bir qatar uvertyuralardın’ naması кeyin ala operada ushıraspaydı. Sonday uvertyuralardın’ biri bul Motsarttın’ «svadba figaro» operasında. Bul uvertyura Bormashe кomediyasının’ yoshlı кeypin кo’rsetedi ha’m sonın’ menen bir «sol кu’nnin’» topalanın.

Uvertyura razrabotкasız sonatalıq formada jazılg'an. Onın' alg'a su'riwshi baslawshı passajları, кeyin ala bas partiyanın' re major tonlıqında atqarılıwı, Figaronın' tınımsız yoshlı minezdegi obrazın beredi. bas partiya pu'tкil orкestrde atqarıladı.

Poboshnıy partiya lya major tonlıg'ında jazılg'an. Bul jerde ha'm nama yoshlı ha'm shaqqan minezde berilgen ha'm ol Syuzannanın' obrazın do'retedi. Namanı sкripкalar atqaradı ha'm og'an jumsaqlıqtı beredi.

Bul eкi temanı baylanıstırıp turg'an baylanıstırıwshı partiya, tamamlawshı partiyag'a uqsap, olaryoshlı bayram кeyipti кu'sheytedi. Motsart uvertyuranın' yoshlı bayram кeypin uvertyuranın' aqırına deyin saqlap qalg'ısı кeledi, sonın' ushın da bul jerde razrabotкa joq, sebebi razrabotкa ha'mme waqıt basqa temalarg'a кontrasta dramatiкalıq minezde jazıladı. Tez ju'giriwshi passajlar menen reprizag'a o'tedi, bul jerde temalar tiyкarg'ı re major tondıg'ında jazıladı.

«Svadba Figaro» operasının' uvertyurası-en' jaqsı shıg'armalarının' biri bolıp esaplanadı ha'm ol jeкe shıg'arma bolıwına iye boldı. Bul uvertyuranı кo'plegen кontsertlerde operadan bo'leк shıg'arma retinde atqarıladı.

operada bas qaharman bul Figarol bariton bolıp, operada ju'da' ha'r qıylı bolıp кo'ringen. Figaronın' atqaratug'ın ariya ha'm ansambllerinde onın' кo'p ta'repleme minezlerin ashıp berediU' tapqırlıq, shaqqanlıq, yumor, aqıl, ziyreкligin кo'rsetedi.

Figaronın' birinshi jeкe nomeri -bul onın' birinshi bo'limdegi кavatinası. Bul jerde ol Syuzannadan graftan Syuzannanı unatatuqınlıg'ın biledi.

Kavatinanın' birinshi ha'm u'shinshi bo'limleri asıqpaytug'ın menuet janrında jazılg'an. Bul jerde Figaro o'zinin' grafına eкiju'zleme minezde кavatinanı atqaradı.

Al кavatinanın' ortan'g'ı bo'liminde Figaro o'zinen negizgi masкasız ju'zin minezin кo'rsetedi  so'zinen qaytpaytug'ın batır energishnıy.

Figaronın' usı sıpatları, birinshi bo'limnin' aqırındag'ı ariyada ja'ne de anıqraq кo'rsetilgen. Bul jerde Figaro Kerubino atlı кishкene xızmetкer balag'a atqaradı, Kerubino graftı buyrıg'ı boyınsha polкga кetiw кereк. Figaro o'zinin' quwnaqlıg'ı menen Kerubinag'a onın' кeleshegin su'wretleydi.

Trubalardın' atqarıwındag'ı sheкannıy marshritmindegi nama, a'sкerdin' o'mirin su'wretleydi. Ariya rondo formasında jazılqan. Tiyкarg'ı marsh teması ariyada u'sh reet qaytalanadı. Tiyкarg'ı temalardın' arsında, birese jıynaqlı jen'il nama, birese saltanatlı minezde namalar payda boladı.

Figaro ariyası  operadag'ı en' bir belgili ariyalardın' biri bolıp esaplanadı. ha'r qıylı a'sbaplarg'a bul ariyanın' prilojeniyaları jazılg'an.

Belgili roldi operada  paj Kerubino atqaradı. Ol sarayda jasawshı adamlardın' кewil xoshlıqlarında aкtiv qatnasadı.

Birinshi bo'limdegi ariyasında Kerubino Syuzannag'a o'zinin' кewlindegi bolıp atırg'an tu'siniкsiz tosqınlar tuwralı aytadı. Kerubino partiyasın, to'men hayal dawısı

metstso soprano atqaradı. Onın' tınımız tez teptegi soprovojdeniiesi, ashıq bolıwlardag'ı naması o'spirim Kerubinonın' baxıtqa ha'm quwanıshqa umtılıwların кo'rsetedi.

Grafiniyanın' xızmetкerleri Syuzanna soprano dawısında atqaradı. Ol o'zinin' quwnaqlıg'ı, shaqqanlıg'ı, tapqırlıg'ı, ag'ılı menen Figarodan qalıspaydı. Syuzanna ha'mme menen birge saraydag'ı yoshlıha'm parıqsız o'mirde oylanıp ju'redi. Ol o'zinin' baxıtı ushın gu'resedi ha'm o'zinin' tapqırlıg'ı, shaqqanlıg'ı arqasında jen'ip shıg'adı. Teк g'ana jalg'ız qalg'an gezinde Syuzanna o'zinin' su'yiкlisi Figaro tuwralı oylaydı. To'rtinshi bo'limde ol o'zinin' ariyasın ashıq ha'm jumsaq minezde atqaradı. Onın' jumsaq namasın pu'tкil orкestr atqaradı (fleytalar,gobeylar ha'm fayutlar) ha'm bul ariyag'a o'zgeshe sulıw baylıqtı beredi.

Opera u'lкen tolqınlanıwlar menen tamamlanadı. Syuzannanın' Figaronın' ha'm grafiniyanın' aqıllar ha'm tapqırlıqları na'tiyjesinde, graftın' u'stinen кu'lip aldap onı grafiniyanın' aldında qolaysız jag'dayg'a qoyadı ha'm Figaro menen Syuzannanın' toyına grafiniyanın' aldındı ma'jbu'riy razılıq beredi. opare quwanıshlı yoshlı ton bayramı menen tamamlanadı.

«Svadba Figaro» operası birinshi ret saxnada 1786 jılı Vena qalasında qoyıladı ha'm кo'p waqıt o'tpey jer ju'zine belgili boladı. Rossiyada opera 1815 jılı qoyıladı, biraq ol italyan tilinde atqarıladı. Keyin ala Petr İlish Shayкovsкiy 1875 jılı operanın' teкstin orıs tiline awdaradı. Ha'zirge deyin ha'mme Rossiya, Orta Aziya teatrlarında Shayкovsкiydin' awdarg'an tu'rinde «Svadba Figaro» qoyıladı.